# ҚАРАҚАЛПАҚ ТИЛ БИЛИМИНДЕ ТОПОНИМЛЕРДИҢ ГРАММАТИКАЛЫҚ ҚУРЫЛЫСЬНА КАРАЙ ТҮРЛЕРИ

**Жумамуратова Р.А,**
*ҚМУ аўдарма теориясы хәм әмелияты кафедрасы доценти*

**Уразымбетова Г.К**
*докторант*

**DOI:** https://doi.org/10.5281/zenodo.15688823

Топонимлерди грамматикалық қурылысы жағынан анализ жасаў, олардың жасалыў усыллары, пайда болыў тарийхы сыяқлы көплеген лингвистикалық мәселелерди шешиўге жәрдем береди, себеби топонимлер тилдеги көп өзгерислерди өзинде сәўлелендиреди. Тилдеги өзгерислер олар жасаған жердеги топонимлерде өз көринисин табады.

Тил қурамындағы лексемалар кандай да бир номинативлик хызмет аткарғанлығы сыяклы, топонимлер де бизди қоршаған орталықтағы географиялык объектлерди бирин екиншисинен ажыратыў ушын хызмет етеди. Олар объектлерге атама бериў нызамлылықлары тийкарында тилимиздеги жер-суў атамаларын пайда етеди. Сол топонимлердиң фонетикалык өзгериўи, грамматикалык курылысы жағынан уйрениў оның қандай дәреклерден туратуғынын анықлаўда улкен әхмийетке ийе. Себеби сөздиң қурылысы изертлеў онын курамындағы хәр қыйлы бирликлердиң тәбиятын ашып көрсетеди, олардың хызметлерин хәм мәнилерин анықлаўға жәрдем береди. Сондай Қарақалпакстан территориясындағы топонимлериниң морфологиялык қурылысын анықлаўда жуз берген тарийхый-морфологиялық процессти есапка алыў керек. Себеби топонимлер ўакыт өтиўи менен фонетикалык яки дузилиси бойынша хәр турли өзгерислерге ушыраған болыўы мумкин, яғный онын қурамындағы даўыслы яки даўыссыз фонема туседи ямаса керисинше топоним курамына фонема косылады.[1] Бул топонимниц морфологиялық қурамына тәсир жасайды. Мәселен, *тобе > тоne.*

Аўызеки сөйлеў тилинде айырым созлердиң курамында фонетикалық қубылыслар жуз беретуғын өзгерислер сөзге сөз қосылганда, сөзге аффикс қосылганда, сондай-ак, халықтын сөзди қолланыў жагдайында пайда болады. Бул сөздиң грамматикалык структурасына,базыда семантикалық мәнисине тәсир жасайды.А.В.Суперанская топонимлердиң дүзилисин анықлаўда:«Биз жергиликли халықтың тилиндеги өзгерислер тәсиринде сеслик

[1] Абишов Г. Шымбай топонимлери

айырмашылыққа ушыраған топонимлер ҳаққында мағлыўматлар бар екенлигин билемиз. Топонимлердиң өзгермейтуғыны ҳаққындағы пикирлер салыстырмалы»[2],-деп келтиреди.

Халықтың топонимлерди аўызеки сөйлеу процесинде өзине тән айтылыўынан (сеслердиң түсип қалыўы, озгериске ушыраўы, қосылып айтылыўы сыяқлы) формалық өзгериўи сезиледи. Мәселен, райондағы *Бидалы* топониминиц тийкары *будалы* түриндеги шарўашылыққа қатнаслы лексема болып, қурамындағы *у* еринлик даўыслы фонемасы и езиўлик даўыслы фонема менен алмасқан ҳәм халықтың аўызеки сөйлеў тилинде *Бидалы* түринде айтылып кеткен.

Топонимлер қайсы тилге тийисли болып келсе, сол тилдиң сөз жасаў типлери бойынша пайда болады. Қәлеген миллий тил өзиниң топоним жасаў жоллары ҳәм қағыйдаларына ийе. Топонимлердиң пайда болыў принциплери тилдеги сөз жасаў усылларының көпшилик түрлерине уқсас. Себеби қәлеген тилдеги сөз жасаў усыллары ҳәм қураллары топоним жасаўда да қатнасады. Ҳәзирги карақалпақ әдебий тилинде жаңа сөзлер аффиксация, сөз қосылыў, лексика-семантикалық (транспозиция), лексика-синтаксислик (лексикализация) усыллар менен жасалады. Деген менен, топонимлердиң жасалыўының өзгеше тәреплери де бар. Топонимлер сөзлик қурамга киргени менен, оның лексемадан белгили дережеде өзгешелиги сезиледи. Бул топонимлердиң өзине тән болган бир канша семантикалык хәм грамматикалық қәсийетлерине байланыслы. Маселен, лексемалардың колланылыў шегарасы кең, ал топонимлер шекленген болады. Лексемалар топонимлик функцияны атқарғанда қандай да бир географиялық объектти аңлатып, атама бир категориядан екинши категорияга отеди. Олардын семантикалык мәнилери тараяды, яғный атамаға ийкемлеседи, морфологиялык қурылысында өзгерис болады. Бул топонимниң жасалыўында белгили орын тутады. Тилдеги ғалабалык атлықлар менен меншикли атлықлардың айырмашылығы хаққында көпшилик ономастикаға байланыслы илимий әдебиятларда көрсетилген. Мәселен, Б.А.Серебренников топонимикалық хом антропонимикалық атлар барлык ўакыт тил базасында жаратылыўын, олардың жасалыўында тилдиң кунделикли турмыста кең қолланылып журген сөз жасаў модельлеринен, қоспа созлерден, сөз дизбеклеринен, ҳәттеки путин бир гәптен пайдаланылыўын айтса, В.А.Никонов топонимика озиниң жеке қуралларынан пайда болмай, ал аз муғдарда болса да

---

[2] Суперанская А.В Что такое топонимика?-М.Наука,1985.-С-176

тилдеги бар имканиятлардан жасалатуғынын айтып өткен.[3] Демек, топоним жасалыўдың сөз жасалыў менеп байланыслы тәреплери бар болса да, олардың өзине тән өзгешеликлериниң бар екенлигин көрсетеди. Сол себепли топонимлердиң жасалыўы уйренилгенде, олардың географиялық объекттин атына айланғанға шекемги мәниси менен топонимлик мәнилерин ажыратыў керек болады.

Б.Бияровтын монографиясында қазақ тилиндеги топонимлердиң аналитика-семантикалык хам синтетика-семантикалык жасалыў усыллары келтирилген[4]. Ал, Ж.Буғыбаева озинин қазақ топонимлеринең сөз жасалыўына арналган диссертациялық жумысында аффиксация усылы, мәнилик усыл, сөз қосылыў усыллары корсеткен.[5] Н.Охунов болса, өзбек тилиндеги топонимлердиң жасалыўын ономастикалық конверсия, аффиксация хом синтаксислик-лексикалык усылларға бөлип қарастырған.[6]

Топонимлер лингвистикалық нызамлықларға бағынады. Жокарыдағы мийнетлерде топоним жасалыўдың турли тиллик нызамлылықлары хаққында пикирлер келтирилген хәм оларда тилдеги жай сөзлер менен тононимлердиң жасалыўындағы уқсаслық хэм айырмашылык тәреплери көрсетилген. Себеби сөзлер тилдеги сөз жасаў усылларының барлык турлери менен жасалыў уқыплығына ийе, ал топонимлер ономастикалық нызамлылықлар тийкарында қәлиплеседи.

Топоним жасаў усылларының бири- ономастикалык конверсия. Сөз жасалыў тараўында сөзлер өзинин сыртқы формасын өзгертпей-ак, баска сөз шақабына өтиў аркалы сол сөз шақабының лексика семантикалык хэм грамматикалык өзгешелигин қабыл етиўден жасалса, транспозиция (лексика-семантикалык) усылы деп қаралады[7]. Илимий әдебиятларда транспозиция менен катар конверсия термини колланылады.[8] Бундай кандай да бир лексикалык бирликти баска парадигмага өткериў аркалы жаңа мәнили

---

[3] Улуков Н. Ўзбек тили гидронимларининг тарихий-лисоний тадқиқи.-Тошкент: Фан,2008.-Б.152
[4] Бияров Б.Жер-су аттарының созжасамдық улгілері-Алматы: Мемлекеттік тілді дамыту институты 2012; Казак топонимдерінің типтік улгілері.-Алматы:Ш.Шаяхметов атындагы Тіллерді дамытыудын республикалык уйлестіру-әдетемелік орталығы,2013.
[5] Буғыбаева Ж Казак топонимдерінин созжасамы: Филол.ғыл.филос.док (PhD)....Алматы,2015.-Б.80-102
[6] Охунов Н.Ўзбекистон топонимияси.-Кўкон,2005.-Б.65
[7] Dawletov A..,Dawletov M.., Qudaybergenov M. Ha'zirgi qaraqalpaq a'debiy tili/Morfemika.Morfonologiya.So'z jasaliw.Morfologiya.-No'kis:Bilim,2010.-B.44
[8] Улуков Н. Ўзбек тили гидронимларининг тарихийғлисоний тадқиқи.-Тошкент: Фан,2008.-Б.161

сөзлердиң жасалыўын татар тилиндеги конверсия мәселелерин уйренген Р.З.Заббарованын мийнетинде де көриўимиз мумкин.[9]

Қарақалпакстан топонимиясында ономастикалық конверсия усылында жасалған топонимлер өнимли ушырасады. Себеби белгили бир семантикалық мәниге ийе сөзлер хеш кандай грамматикалық өзгерислерсиз меншикли атлыққа айланыўы кең тарқалған топонимикалық қубылыс. Бунда ономастикалық лексика бирликлери топонимге айланыўға бейим болады , яғный атама функциясын атқарады. Көрсетилген орында (ишки хэм сыртқы) ономастикалык конверсия усылы менен тңмендеги топонимлер пайда болган:

Этнонимлер топонимлик хызметке өткенде усы этникалық қатлам ўәкиллериниң жасаў орнын аңлатады. Этнонимлердиң хеш кандай грамматикалық көрсеткишлерсиз туўрыдан-туўры топонимге өтиўи (топонимлесиў ) тилде жийи ушырасады. Мәселен ,*Аббас , Бессары, Кайшылы , Баганалы , Казаяклы , Кайшылы , Каулы, Аршан,Кенегес , Шуйт, Айтеке , Актовыи , Байбише , Бескемпир, Кырык*.

Антропонимлердин конверсия усылы менен топонимге айланған тури салмаклы орын ийелейди. Маселен К.Мамбетов кошеси, Кыдырбай суўретши көшеси х.т.б. Бундай мысаллар қарақалпақ тил билиминде көплеп ушырасады.

Жуўмақлап айтатын болсақ, қаракалпақ тил билиминде топонимикалык бирликлер лексикасы гиреули орын тутады.

**Әдебиятлар:**

1. Абишов Г. Шымбай топонимлери: дис…канд.филол.наук-Нокис,2019.-Б.73-78
2. Суперанская А.В. Что такое топонимика?-М.Наука,1985.-С-176
3. Улуков Н. Ўзбек тили гидронимлариниг тарихий-лисоний тадқиқи.-Тошкент: Фан,2008.-Б.152-161
4. Бияров Б.Жер-су аттарының созжасамдық улгілері-Алматы: Мемлекеттік тілді дамыту институты 2012; Казак топонимдерінің типтік улгілері.-Алматы:Ш.Шаяхметов атындагы Тіллерді дамытыудын республикалык уйлестіру-әдетемелік орталығы,2013
5. Буғыбаева Ж. Казак топонимдерінин созжасамы: Филол.ғыл.филос.док (PhD)....Алматы,2015.-Б.80-102
6. Охунов Н.Ўзбекистон топонимияси.-Қўқон,2005.-Б.65
7. Dawletov A..,Dawletov M.., Qudaybergenov M. Ha’zirgi qaraqalpaq a’debiy tili/Morfemika.Morfonologiya.So’z jasaliw.Morfologiya.-No’kis:Bilim,2010.-B.44
8. Заббарова Р. Конверсия татарском языке и проблема её лексикографирования:Автореф.дис....канд.филол. наук.-Казан:2010.-С.10

---

[9] Заббарова Р.Конверсия татарском языке и проблема её лексикографирования:Автореф.дис....канд.филол. наук.-Казан:2010.-С.10